




Yon Kout je sou


# Maladi VIH lakay fanm nan New York, pandan ane 2023

## Moun yo fèk dyagnostike ak maladi VIH




Sou chak senk moun yo fèk dyagnostike ak maladi VIH youn se te fanm.

Plis pase 50% pami fanm yo fèk dyagnostike ak maladi VIH te gen laj 20 a 39 lane.



Nèf sou 10 nan chak fanm sa yo te Nwa oswa Latina.



Prèske 97% pami fanm yo fèk dyagnostike ak maladi VIH a te pran VIH nan kontak seksyèl.

## Sou chak 10 fanm ki gen maladi VIH:

9.6 te dyagnostike.

8.9 pami yote resevwa swen pou maladi VIH.

8.0 pami yo te jwenn preskripsyon medikaman pou trete VIH (terapi antiretwoviral).

8.0 pami yo te jwenn sipresyon viral.




# PrEP ak Prevansyon kont VIH

## PrEP

Pwofilaksi Pre-Ekspozisyon (Pre-Exposure Prophylaxis, PrEP) se yon medikaman ki san danje epi ki efikas ki anpeche enfeksyon VIH. Lè yo pran l jan yo preskri l la, PrEP diminye risk pou yo trape VIH atravè sèks nan apeprè 99% ka.

Se sèlman 35% nan fanm ki aktif seksyèlman yo<sup>1</sup> ki te tande pale de PrEP la. Konesans sou PrEP la varye selon ras ak gwoup etnik fanm yo:



Yo ka pran PrEP la kòm yon konprime yon fwa pa jou oswa kòm yon piki nan biwo pwofesyonèl swen sante w la. Pale ak pwofesyonèl swen sante w la sou opsyon k ap pi bon pou ou a. Kolèj Ameriken pou Obstetrisyen ak Jinekolog (American College of Obstetricians and Gynecologists) la rekòmande pou obstetrisyen ak jinekòlòg yo diskite sou PrEP la ak tout pasyan ki aktif seksyèlman yo.

## Zouti pou Prevansyon Adisyonèl

- Itilize kapòt ak lòt metòd baryè yo.
- Kenbe yon chaj viral endetektab pandan w ap pran medikaman anti-VIH yo preskri w yo. Moun ki gen VIH e ki kenbe yon chaj viral ki pa detektab pandan omwen sis mwa pa ka transmèt VIH atravè sèks, yo rele sa tou endetektab egal entransmisib (undetectable equals untransmittable, U=U).
- Fè tès pou VIH ak lòt enfeksyon seksyèlman transmisib yo.
- Pran Pwofilaksi Pre-Ekspozisyon (Post-Exposure Prophylaxis, PEP) si ou ka te ekspoze a VIH. PEP se yon medikaman dijans ki ka anpeche enfeksyon VIH la.

<sup>1</sup>Yo defini seksyalite aktif la lè ou rapòte relasyon seksyèl nan 12 dènye mwa yo.



## Faktè Sosyal Ki Afekte VIH

Se faktè sosyal oswa eksperyans yo pa kontwole yo ki detèmine kapasite yon moun pou l rete an sante epi ki ka gen enpak sou aksè yo nan sèvis depistaj, prevansyon ak swen pou VIH.<sup>2</sup>

### Faktè sa yo gen ladan yo aksè limite oswa mank aksè a:



Lojman



Swen medikal



Manje



Swen timoun



Asirans sante

### Lòt eksperyans ki ka afekte sante a gen ladan yo:



Enkaserasyon



Vyolans domestik



Rasis, seksis, estigma, ak diskriminasyon




## Resous Adisyonèl

### Prevansyon, Depistaj, ak Tretman VIH

Pou plis enfòmasyon sou tès depistaj VIH, tretman ak prevansyon, PrEP, PEP ak kapòt, vizite [nyc.gov/health/hiv](https://nyc.gov/health/hiv) oswa eskane QR kòd la.

Pou èd pou jwenn yon pwofesyonèl swen sante, rele **311** oswa 844-NYC-4NYC (844-692-4692) oswa vizite [nyc.gov/health/map](https://nyc.gov/health/map).



### 988 pou Konsèy ak Sipò

Kontakte 988 pou w jwenn konsèy nan ka kriz, sipò pou sante mantal ak adiksyon, ak referans pou swen, gratis ak konfidansyèl.

Rele oswa voye mesaj tèks nan 988 oswa tchat nan [nyc.gov/988](https://nyc.gov/988). Mesaj tèks ak sèvis tchat yo disponib nan lang Anglè ak Panyòl, epi konseye yo disponib pa telefòn 24 sou 24/7 sou 7 nan plis pase 200 lang.

### Sipò pou Lit kont Vyolans Domestik ak Vyolans ki Baze sou Sèks

Si ou menm oswa yon moun ou konnen se yon viktim vyolans domestik oswa vyolans ki baze sou sèks, rele:

- **911** nan ka ijans
- **311** epi mande pou w konekte ak Sant Jistis Familyal NYC (NYC Family Justice Center) ki pi pre w la. Gen sipò konfidansyèl ki disponib pa telefòn ak an pèsòn soti lendi jiska vandredi, 9 a.m. jiska 5 p.m.
- Liy Asistans kont Vyolans Domestik NYC (Domestic Violence Hotline NYC) a 24 sou 24/7 sou 7 nan 800-621-HOPE (800-621-4673) pou planifikasyon sekirite imedyà, asistansabri ak lòt resous. Pou moun ki itilize sèvis teleskriptè (TTY): 800-810-7444.

Yo te devlope enfòmasyon ki prezante nan dokiman sa a an kowòdinasyon ak Sou Komite Fanm Nwa ak Latina Konsèy Konsiltatif Fanm (Black and Latina Women's Subcommittee of the Women's Advisory Board) Depatman Sante NYC a (NYC Health Department). Tout done sou siveyans VIH yo se apati 31 mas 2024 yo ye e yo genyen enfòmasyon sou fanm sijan ak transjan.

<sup>2</sup> Lis faktè sa yo se endikasyon yo ye epi yo pa konplè.